



DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH

Pwogram 21^{èm} CCLC Akò Paran/Responsab



# ID Elèv la	Prenon Elèv la	Inisyal Dezyèm Non	Siyati Elèv la
Non Lekòl la			KLas

Se yon privilèj pou patisipe nan **pwogram 21^{èm} CCLC a (Sant Aprantisaj Kominotè 21^{èm} Syèk)** ki finanse totalman pa gouvènman federal, ki enkli **Pwogram Aprè lekòl** ak **Granvakans** avèk aktivite pou **Alfabetizasyon Fanmi**. Li enfòmasyon ki vini apre yo, epi siyen anba akò sa a pou fè konnen ou te li, konprann epi dakò avèk chak sa ki anba yo:

- Pwogram 21^{èm} CCLC a fonksyone chak jou regilye lekòl, ____ Septanm rive ____ Me soti ____ PM jiska ____ PM (li fèmen nan jou fòmasyon pwofesè-PDD). Tcheke nan Kalandrye Distri lekòl la. Pwogram granvakans fonksyone soti ____ AM jiska ____ PM, lendi rive vandredi, kòmanse ____ jen pou fini ____ jiyè. Pwogram 21^{èm} CCLC a p ap fonksyone nan ____ jiyè.
- Ou dwe vin chèche pitit ou a egzakteman nan fen Pwogram 21^{èm} CCLC a a ____ PM (____ PM Pwogram Granvakans). Jan sa mansyone nan **Manyèl sou Fonksyònman Pwogram Apre Lekòl Distri a**, y ap chaje yon frè \$5.00 pou chak 15 minit reta. Y ap chaje tout frè pou reta yo nan "Afterschool EZCARE". Si yo ofri li, Paran/Responsab yo genyen opsyon pou enskri pitit yo nan Pwogram regilye Aprè Lekòl ki nan lekòl la apre lè regilye 21^{èm} CCLC avèk jou PDD yo. Direktè/tris ofis aprè lekòl la ap bay lis pri opsyon pou lè ak jou sa yo.
- Pwogram Aprè Lekòl: Elèv yo ap resevwa yon goute nourisan.
Pwogram Granvakans Sèlman: Elèv yo ap resevwa dejne, repa midi ak goute nourisan.
- Prezans regilye enpòtan. Elèv yo kapab frekante Pwogram 21^{èm} CCLC a sèlman si yo te ale lekòl regilye nan jou sa a. Elèv yo dwe bay garanti y ap patisipe aktivman epi rete pandan tout pwogram nan chak jou pou yo resevwa tout benefis yo. Yo kapab ekspilse nan pwogram nan elèv ki genyen twa (3) absans pa mwa ki pa jistifye, de (2) absans ki pa jistifye pandan lekòl granvakans yo. Absans ki jistifye pou randevou medikal oswa maladi ap bezwen yon nòt medikal. Ranvwa bonè ap disponib sou yon baz endividyèl.
- Sekirite elèv yo se pi gwo priorite nan Pwogram 21^{èm} CCLC a. Osito elèv la soti nan Pwogram 21^{èm} CCLC a, y ap fè rès pwosedi epi finalize siyati ranvwa a jan sa ekri nan **Manyèl sou Fonksyònman Pwogram Apre Lekòl Distri a** : (1) paran/ responsab yo dwe deziye sou **Aplikasyon Pwogram Aprè Lekòl la (PBSD 1824) ak Kat Siyati Pwogram 21^{èm} CCLC** a tout moun ki otorize pou al chèche pitit yo a nan Pwogram 21^{èm} CCLC a; (2) moun ki otorize yo dwe siyen tout non legal yo okonplè, dat ak lè nan kaye ranvwa a; (3) moun ki otorize yo dwe prezante bon jan idantifikasyon ki gen foto.
- Tout Paran/Responsab yo ap patisipe nan yon minimòm senk (5) semèn **Alfabetizasyon pou fanmi** ak aktivite atravè tout Pwogram Granvakans ak Aprè Lekòl yo.
- Règleman ak pwosedi jan yo mansyone nan Manyèl Paran/Responsab Pwogram 21^{èm} CCLC a.

Siyati Paran/Responsab

Dat

Ekri Non Paran/Responsab la an lèt detache

Èske yo te bezwen asistans entèprèt? Wi Non

Responsab _____

Tit _____